

Vaksen Kont Nemokoksik Polisakarid

Ki Sa Ou Bezwen Konnen

Many Vaccine Information Statements are available in Haitian Creole and other languages. See www.immunize.org/vis

Anpil Bilten Enfòmasyon sou Vaksen yo disponib nan lang Kreyòl Ayisyen ak nan lòt lang. Ale sou sitwèb www.immunize.org/vis

1 Poukisa pou al pran vaksen?

Vaksinasyon ka pwoteje adilt ki pi aje (ak kèk timoun ak adilt ki pi jèn) kont **maladi nemokoksik**.

Maladi nemokoksik koze pa yon bakteri ki ka simaye de yon moun a yon lòt moun si yo gen kontak sere. Li ka koze enfeksyon nan zòrèy, epi li ka mennen a plis enfeksyon grav nan:

- Poumon (nemoni),
- San (bakteremi), ak
- Ki kouvri sèvo a ansanm avèk mwal epinyè (menenjit). Menenjit kapab lakòz moun vinn soud ak gen domaj nan sèvo, epi li kapab fatal.

Nenpòt moun ka atrape maladi nemokoksik, men timoun ki poko gen laj 2 zan, moun ki gen kèk pwoblèm sante, granmoun ki gen laj 65 kan oswa pi gran, ansanm avèk moun kap fimen sigarèt yo gen risk ki pi elve.

Apeprè 18,000 adilt ki pi aje yo mouri nan maladi nemokoksik chak ane nan Etazini.

Tretman pou enfeksyon nemokoksik avèk penisilin ak lòt kalite medikaman te konn pi efikas. Men gen kèk souch nan maladi sa yo ki vinn rezistan kont medikaman sa yo. Sa vin fè prevansyon pou maladi a, grasa vaksen, vin pi enpòtan toujou.

2 Vaksen kont Nemokoksik Polisakarid (PPSV23)

Vaksen nemokoksik polisakarid lan (PCSV23) ka pwoteje kont 23 kalite bakteri nemokoksik. Li pa pral evite tout maladi nemokoksik.

Yo rekòmande PPSV23 a pou:

- Tout granmoun ki gen laj 65 kan ak pi aje,
- Nenpòt moun nan laj 2 a 64 lane ki gen kèk pwoblèm sante alontèm,
- Nenpòt moun nan laj 2 jiska 64 lane ki gen yon sistèm iminitè ki fèb,
- Moun adilt ki aje nan 19 jiska 64 tran ki fimen sigarèt oswa ki gen opresyon.

Pifò moun bezwen sèlman yon dòz vaksen PPSV. Yo rekòmande yon dezyèm dòz pou kèk nan gwoup moun ki avèk risk ki wo yo. Moun ki gen 65 an oswa plis ta dwe pran yon dòz vaksen menm si yo te resevwa youn oswa plizyè dòz vaksen an anvan yo te vinn genyen laj 65 lan.

Doktè w kapab ba w plis enfòmasyon konsènan rekòmandasyon sa yo.

Pifò granmoun ki an sante devlope pwoteksyon nan 2 a 3 semèn apre yo fin pran piki a.

3 Kèk moun pa ta dwe pran vaksen sa a

- Nenpòt moun ki te gen yon reyaksyon alèjik a PPSV a ki te menase lavi li pa ta dwe pran yon lòt dòz.
- Nenpòt moun ki fè yon alèji grav a nenpòt ki konpozan nan PPSV a pa ta dwe resevwa li. Fè doktè ou konnen si ou genyen nenpòt alèji grav.
- Nenpòt moun ki gen yon maladi ki modere oswa ki grav lè li gen randevou pou li pran vaksen yo ka mande l pou l ta dwe pètèt rete tann jouk lè li refè anvan li pran vaksen an. Kèk moun ki avèk yon maladi modere anjeneral kapab pran vaksen an.
- Timoun mwens pase 2 zan daj pa ta dwe pran vaksen sa a.
- Pa gen okenn prèv ki montre ke PPSV an kapab poze danje swa pou yon fanm ansent oswa pou fetis li an. Men tou, kòm yon mezi prekosyon, fanm ki gen bezwen vaksen an ta dwe pran vaksen anvan yo vinn ansent, si sa posib.

4**Risk pou gen reyaksyon nan yon vaksen**

Avèk nenpòt medikaman, ki enkli vaksen yo, gen yon chans pou pasyan an gen efè segondè. Sa yo jeneralman modere epi yo disparèt poukont yo, men reyaksyon grav ka posib tou.

Apeprè mwatye nan moun ki gen PPSV a gen efè segondè grav, tankou iritasyon po oswa doulè nan kote yo pran vaksen, ki disparèt nan anviwon de jou.

Mwens pase 1 sou 100 moun devlope yon lafyè, doulè nan misk, oswa reyaksyon lokal ki pi grav.

Pwoblèm ki kapab rive apre nenpòt vaksen:

- Pafwa moun yo pèdi konesans apre yon pwosedi medikal, ikonpri apre yon vaksen. Si ou chita oswa kouche pandan apeprè 15 minit sa kapab ede ou pou pa ni endispoze ni pran chòk lè ou tonbe. Fè doktè ou konnen si ou santi vètij, oswa fè doktè a konnen si vizyon ou chanje oswa si ou tande boudonman nan zòrèy ou.
- Gen moun ki gen gwo doulè nan zepòl epi yo gen difikilte pou yo fè mouvman avèk bra kote yo te pran vaksen an. Sa pa rive souvan.
- Nenpòt medikaman ka koze yon reyaksyon alèji grav. Kalite reyaksyon konsa apre yon vaksen ra anpil, yo estime a mwens pase 1 ka sou yon (1) milyon dòz, epi sa ta rive kèk minit oswa kèk èdtan apre moun nan fin pran vaksen an.

Menm jan avèk nenpòt medikaman, gen yon ti chans pou yon vaksen koze yon chòk grav oswa lanmò.

Yo toujou kontwole sekirite vaksen yo. Pou plis enfòmasyon, ale nan: www.cdc.gov/vaccinesafety/

5**Kisa pou mwen fè si mwen gen yon reyaksyon ki grav?****Kisa mwen ta dwe chèche?**

Chèche nenpòt bagay ki konsène ou, tankou siy yon reyaksyon alèjik grav, lafyè ki wò anpil, oswa chanjman nan konpòtman.

Siy sou yon **reyaksyon alèjik grav** kapab gen ladan itikè, figi anfle ak gòj anfle, difikilte pou respire, yon batman kè rapid, vètij ak feblès. Siy sa yo ta kòmanse nan kèk minit pou rive nan kèk èdtan apre ou pran vaksen an.

Kisa mwen ta dwe fè?

Si w panse se yon reyaksyon alèjik ki grav oswa se yon lòt ijans ki pa kapab tann, rele 9-1-1 oswa mennen moun lan nan lopital ki pi pre a. Sinon, rele doktè ou.

Apre sa, ou ta dwe rapòte reyaksyon nan Vaccine Adverse Event Reporting System (VAERS) (Rapòte Reyaksyon Negatif Vaksen an). Doktè ou ta ka fè rapò sa a, oswa ou kapab fè li poukont ou sou sitwèb VAERS nan www.vaers.hhs.gov, oswa ou kapab rele **1-800-822-7967**.

VAERS pa bay konsèy medikal.

6**Kijan mwen kapab aprann plis enfòmasyon?**

- Mande doktè ou. Li ka ba ou yon pake vaksen oswa sijere lòt sous enfòmasyon.
- Rele depatman sante lokal ou oswa depatman sante eta kote w ap viv la.
- Pran kontak ak Centers for Disease Control and Prevention (CDC) (Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi yo):
 - Rele **1-800-232-4636 (1-800-CDC-INFO)** oswa
 - Ale sou sitwèb CDC a nan www.cdc.gov/vaccines

Vaccine Information Statement
PPSV Vaccine

4/24/2015

Haitian

Office Use Only



42 U.S.C. § 300aa-26